

**DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN**

# Vaksen kont Tdap (Tetanòs, Difteri, Koklich): Sa Ou Dwe Konnen

## 1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont Tdap kapab anpeche ou genyen tetanòs, difteri, ak koklich.

Difteri ak koklich kapab transmèt ant moun ak moun. Tetanòs rantre nan kö a lè w blese oswa nan plè.

- **TETANÒS (T)** lakòz misk yo rèd ak doulè. Tetanòs kapab bay gwo pwoblèm sante, tankou ou pa kapab louvri bouch ou, genyen pwoblèm pou vale ak respire, oswa mouri.
- **DIFTERI (D)** kapab bay difikilte pou respire, ensifizans kadyak, pèt konsyans (paralizi), oswa lanmò.
- **KOKLICH (aP)**, yo konnen tou sou non “kolich,” kapab lakòz gwo tous vyolan epi ki pa kapab kontwole ki rann li difisil pou respire, manje, oswa bwè. Koklich lan kapab grav anpil sitou lakay tibebe ak jèn timoun yo, ki lakòz nemoni, kriz epileptik, domaj cerebral, oswa lanmò. Lakay adolesan ak granmoun yo, li kapab lakòz yo pèdi pwa (megri), pèdi kontwòl pipi yo (pipi dri), endispoze, epi gen zo kòt ki fratire akòz yo touse twòp.

## 2. Vaksen kont Tdap

TdaP se sèlman pou timoun ki gen sèt (7) lane ak plis, adolesan, ak granmoun.

**Adolesan** yo dwe resevwa yon sèl dòz Tdap, si posib a 11 oswa 12 lane.

**Fanm ansent** dwe resevwa on sèl dòz Tdap a chak fwa yo ansent, si posib byen bonè nan kòmansman twazyèm trimès lan, pou ka ede pwoteje tibebe k ap fèt lan kont koklich. Tibebe ki fenk fèt yo se yo menm koklich lan gen plis chans pou bay gwo konplikasyon, menase lavi yo.

**Granmoun yo** ki pa janm te resevwa Tdap dwe ale pran yon dòz Tdap.

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Epitou, granmoun yo dwe resevwa yon dòz rapèl **Tdap oswa Td** (yon vaksen diferan ki pwoteje kont tetanòs ak difteri men se pa koklich) **chak dis (10) lane**, oswa aprè senk (5) lane nan ka ki gen yon gwo plè sal oswa boule.

Yo kapab bay TdaP a an menm ak lòt vaksen.

## 3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyakson alèjik aprè yon ansyen dòz nan nenpòt vaksen ki pwoteje kont tetanòs, difteri, oswa koklich**, oswa genyen nenpòt **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Te tonbe nan yon koma, nivo pèt konesans diminye, oswa kriz pwolonje nan espas sèt (7) days aprè yon ansyen dòz tout vaksen koklich (**DTP oswa TdaP**)
- Pran kriz oswa genyen lòt pwoblèm nan sistèm nève
- Te deja genyen **Sendwòm Guillain-Barré** (yo rele li "GBS" tou)
- Te genyen **gwo doulè oswa ap anfle aprè yon ansyen dòz tout vaksen k ap pwoteje kont tetanòs oswa difteri**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante ou an kapab deside pou voye vaksinasyon kont TdaP an pou yon lòt vizit.

Moun ki pa twò malad yo, tankou ki genyen yon rim, kapab pran vaksen an. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont TdaP an.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.



**U.S. Department of  
Health and Human Services**  
Centers for Disease  
Control and Prevention

## **4. Risk reyakson ak yon vaksen**

- Doulè, reyakson alèjik, oswa kote yo bay piki a anfle, lafyèv lejè, maltèt, santi fatig, ak vètij, vomisman, dyare, oswa lestomak fè mal rive kè fwa aprè vaksinasyon kont TdaP.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi ou pa byen oswa si genyen chanjman nan fason ou wè oswa ou tandé brui nan zòrèy ou yo.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyakson alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

## **5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?**

Yon reyakson alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyakson alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyakson efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan

**1-800-822-7967.** VAERS sèlman la pou rapòte reyakson yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.

## **6. Pwogram Nasyonal**

### **Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)**

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekompans.

Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumett nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

## **7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele departman sante ki nan reyion ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
  - Rele nan **1-800-232-4636** (1-800-CDC-INFO) oswa
  - Vizite sitwèb CDC sou [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).

